

# ENFÒMASYON DEBAZ SOU PINÈZ

## YON GID POU PWOFESYONÈL OTÈL YO POU REKONÈT AK EVITE PWOBLEM PINÈZ YO

Pinèz yo se ti bêt ki repwodwi rapidman. Se poutèt sa se pa ti enpòtan li enpòtan pou detekte ak trete enfestasyon yo depi byen bonè. Nou mete anba a kèk konsèy k ap ede ou wè si w gen yon pwoblèm pinèz ki kòmanse devlope epi pou fè ou konnen kisa ou ka fè pou kanpe pwoblèm lan.

### REKONET SIY YO:

- Leplisouvan, pinèz yo nan kache lajounen, se sa ki fè li difisil pou wè yo
- Pito chèche ti tach ki gen koulè lank/y pinèz yo konn kite lè yo pase:

- |   |                                   |   |   |
|---|-----------------------------------|---|---|
| ■ | Sou etikèt ak kouti ki sou mat yo | ■ | Dèyè tèt kabann yo (ou annik bezwen fè enspekson sa a chak 3-4 mwa) |
| ■ | Anba plafon                       | ■ |   |
| ■ | Anba kousen chèz yo               | ■ |   |
- 
- Voye zye sou tout kote yo kapab kache (papye sou mi ki dekole, tapi ki dekole) oubyen sou nenpòt kondisyon ki kapab atire pinèz, tankou chalè oswa imidite
  - Fè sèvis antretyen an konnen tousuit si ou wè jan de pwoblèm sa yo

### SI OU JWENN TRAS PINÈZ:

#### SA W PA DWE FE:

- ◆ Pa chanje okenn lòt bagay nan chanm nan (kite zòn lan jan li ye a pou pèmèt Orkin dyagnostike pwoblèm nan)
- ◆ Pa retire anyen nan chanm nan

#### SA OU DWE FE:

- ◆ Pa kite pèsonn itilize chanm lan epi mete li nan karantèn
- ◆ Si gen moun nan chanm lan, travay avèk direksyon otèl la pou kliyan sa yo deplase nan yon lòt chanm
- ◆ Kontakte Orkin tousuit dekwa pou yo:
  1. Enspekte chanm ki gen enfestasyon an
  2. Aplike yon tretman prevansyon nan chanm kote kliyan yo pral deplase

### SI ENSPEKSYON ORKIN LAN KONFIME PREZANS PINÈZ YO:

- Prepare tout chanm ki pral resevwa tretman an dapre lis kontwòl la pou prepare chanm nan kont pinèz yo, ki gen ladan:
  - Mete mèb yo nan mitan chanm nan epi vire yo tèt anba
  - Retire oswa demare tout objè ki nan mi yo
  - Demare tapi a nan perimèt toutotou chanm lan
  - Aspire mat, somye ak tapi a kote yo touche moso bwa ki nan baz mi a

